


Sekrè Konstriksyon Masonri Chene



Konfigirasyon




Fondasyon



Masonri



Pozisyon



Ferayaj



Chapantri



Materyo



Beton



Sèvis piblik

SEKRÈ 1:



Desine yon fòm senp kare oswa rektang.



SEKRÈ 2:



Fè longè a pa plis pase 3 fwa lajè a.



SEKRÈ 3:



Fè wotè Redchose a pa plis pase 2.7m.



SEKRÈ 4:



Fè wotè etaj la pa plis pase 2.5m.



SEKRÈ 5:



Aliyen tout fenèt ak pòt yo.



SEKRÈ 6:



Aliyen tout Poto yo youn anba lòt.



SEKRÈ 7:



Aliyen tout mi yo youn anba lòt.



SEKRÈ 8:



Plase poto nan chak pwent mi yo.



SEKRÈ 9:



Plase poto nan chak kwen mi yo.



SEKRÈ 10:



Plase poto nan chak kwazeman mi yo.



SEKRÈ 11:



Plase poto pa plis pase 3.5 m espasman.



SEKRÈ 12:



Plase yon chenaj enferyè sou fondasyon an.



SEKRÈ 13:



Plase yon chenaj entèmedyè anba fenèt yo.



SEKRÈ 14:



Plase yon chenaj siperyè sou tèt mi yo.



SEKRÈ 15:



Plase fenèt yo anba chenaj siperyè a.



SEKRÈ 16:



Plase ranfòseman alantou fenèt yo.



SEKRÈ 17:



Bati kay la sou yon pant pa plis pase 35 pousan.



SEKRÈ 18:



Bati kay la sou yon distans omwen 10m bò kote ravin
oswa rivye.



SEKRÈ 19:



Plase kay la nan yon zòn ki gen bon jan drenaj.



SEKRÈ 20:



Plase kay la omwen 1.5m bò kote lòt kay yo.



SEKRÈ 21:



Sèvi ak dlo pwòp.



SEKRÈ 22:



Achte sab rivyè lave.



SEKRÈ 23:



Achte gravye kase pa plis pase 2cm dyamèt.



SEKRÈ 24:



Estoke siman yo anndan sou yon palèt.



SEKRÈ 25:



Achte ba fè zoreken ki pa twò wouye.



SEKRÈ 26:



Achte ba fè 1/2" pou fè poto ak chenaj yo.



SEKRÈ 27:



Achte ba fè 3/8" pou fè chenaj entèmedyè ak chenaj an pant.



SEKRÈ 28:



Achte ba fè 3/8" pou fè ranfòseman fenèt yo.



SEKRÈ 29:



Estoke ba fè yo anndan.



SEKRÈ 30:



Achte blòk ki gen omwen 15cm epesè.



SEKRÈ 31:



Achte blòk ki pa defòmè.



SEKRÈ 32:



Achte blòk ki pap kraze lè ou lage yo wotè tèt ou.



SEKRÈ 33:



Achte bwa ki dwat ki pa gen anpil ne.



SEKRÈ 34:



Achte omwen bwa 2x4" pou fè chewwon.



SEKRÈ 35:



Achte omwen bwa 2x4" pou fè bòdi twati a



SEKRÈ 36:



Achte omwen bwa 1x4" pou fè lat.



SEKRÈ 37:



Estoke tout bwa yo anndan sou yon sifas plat.



SEKRÈ 38:



Achte omwèn klou 1" 1/2 pou atache strap yo.



SEKRÈ 39:



Achte omwen klou 3" pou konekte chewwon yo.



SEKRÈ 40:



Achte klou ki fèt pou atache tòl.



SEKRÈ 41:



Retire tout zèb ak debris anvan enplantasyon.



SEKRÈ 42:



Fouye fondasyon an omwen 50cm profondè.




SEKRÈ 43:



Fouye lajè fondasyon an omwen 50cm si sòl la di.



SEKRÈ 44:



Fouye lajè fondasyon an omwen 70cm si sòl la mou
oswa lach.



SEKRÈ 45:



Fouye fondasyon jiskaske li nivo epi pwòp.



SEKRÈ 46:



Fè mòtye a ak yon melanj 1 siman pou 5 sab.



SEKRÈ 47:



Poze wòch yo kouche ke kanpe.



SEKRÈ 48:



Poze wòch yo an zigzag.



SEKRÈ 49:



Plase mòtye nan tout jwen wòch yo.



SEKRÈ 50:



Leve fondasyon an omwen 15cm pi wo pase nivo tè

a.



SEKRÈ 51:



Leve fondasyon an omwen 65 cm pi wo pase nivo tè a nan zòn inondasyon.



SEKRÈ 52:



Plase kal ki fè omwen 7.5cm anba semèl yo.



SEKRÈ 53:



Vide yon beton omwen epesè 30cm sou semèl yo.



SEKRÈ 54:



Fè poto yo ak 4 ba fè 1/2".



SEKRÈ 55:



Fè chenaj enferyè ak siperyè yo ak 4 ba fè 1/2"



SEKRÈ 56:



Fè chenaj entèmedyè ak chenaj anpant la avèk
2 ba fè $3/8''$.



SEKRÈ 57:



Fè longè kwochè etriye omwen 4cm ak yon ang 45 degre



SEKRÈ 58:



Plase kwochè etriye yo anwotasyon.



SEKRÈ 59:



Plase etriye yo pa plis pase 20cm espasman.



SEKRÈ 60:



Raproche 5 etriye nan chak kwazman poto ak chenaj pa plis pase 10cm espasman.



SEKRÈ 61:



Plase 2 ba fè 3/8" nan ranfòseman fenèt yo.



SEKRÈ 62:



Fè yon bon koneksyon ant poto ak chenaj.





SEKRÈ 63:



Fè alonjman ba fè 1/2" omwen 50cm.





SEKRÈ 64:



Fè alonjman ba fè $3/8''$ omwen 40cm.



SEKRÈ 65:



Plase estrap yo pa plis pase 60cm espasman.




SEKRÈ 66:



Plase estrap yo anba etriye chenaj siperye a.



SEKRÈ 67:



Plase kal omwen 2.5cm epesè pou byen kouvri fè yo ak beton.



SEKRÈ 68:



Wouze kofraj yo *avan* ou kòmanse vide beton an.



SEKRÈ 69:



Fè melanj beton an sou yon sifas ki pwòp.



SEKRÈ 70:



Fè yon melanj ki pa gen twòp dlo.



SEKRÈ 71:



Pou fè beton an, byen melanje gravye ,sab ak siman anvan ou ajoute dlo.



SEKRÈ 72:



Sèvi ak beton an avan li gen 30 minit a tè a.



SEKRÈ 73:



Fè beton an, ak yon melanj 1 siman ,2 sab epi
3 gravye.



SEKRÈ 74:



Vide beton poto rive jis nan chenaj entèmedyè.



SEKRÈ 75:



Vide beton chenaj yo yon sèl jou.



SEKRÈ 76:



Vibre beton an pandan ou ap vide l.



SEKRÈ 77:



Refè beton nan tout pati ki vid yo.



SEKRÈ 78:



Refè beton nan tout pati ki gen ni abèy yo.



SEKRÈ 79:



Wouze beton an pandan 3 fwa pa jou pandan 3 jou.



SEKRÈ 80:



Kite kofraj poto ak chenaj yo omwen 1 jou



SEKRÈ 81:



Kite kofraj dal la omwen 14 jou.



SEKRÈ 82:



Fè melanj mòtye a sou yon sifas ki pwòp.



SEKRÈ 83:



Fè mòtye a, ak yon melanj 1 siman , pou 5 sab.



SEKRÈ 84:



Pou fè mòtye a , byen melanje sab ak siman anvan ou ajoute dlo.



SEKRÈ 85:



Sèvi ak mòtye a avan li gen 30 minit a tè a.



SEKRÈ 86:



Wouze blòk yo anvan ou kòmanmse poze l.



SEKRÈ 87:



Fè lajè apaj mi yo omwen 14cm.



SEKRÈ 88:



Fè distans ant 2 jwen vètikal omwen 14cm.



SEKRÈ 89:



Poze blok omwen yon sèl alveròl si mi an paka pran youn entye.



SEKRÈ 90:



Fè jwen mòtye blòk yo ant 1 a 2cm.





SEKRÈ 91:



Monte mi yo aplan.



SEKRÈ 92:



Monte mi yo nivo.



SEKRÈ 93:



Wouze mi yo 3 fwa pa jou pandan 3 jou.



SEKRÈ 94:



Plase bout bwa pou sere kofraj la.



SEKRÈ 95:



Fè kofraj la nivo epi aplon.



SEKRÈ 96:



Plase chewwon yo pa plis pase 60cm espasman.



SEKRÈ 97:



Utilize estrap pou konekte chewwon yo sou chenaj sipryè a.



SEKRÈ 98:



Konekte estrap la ak chewwon yo avèk omwen 2
klou 1"1/2.



SEKRÈ 99:



Plase lat yo pa plis pase 1 m espasman.



SEKRÈ 100:



Konekte bwa bòdi twati a nan chak chewwon.



SEKRÈ 101:



Konekte chewwon yo avèk omwen 2 klou 3".





SEKRÈ 102:



Plase tò la omwen 15cm sou lòt la.





SEKRÈ 103:



Plase tòl la omwen 15cm sou lòt la.



SEKRÈ 104:



Plase klou tòl yo pa plis pase 15cm espasman.



SEKRÈ 105:



Fouye fòs septik la omwen 10m akote kay la.



SEKRÈ 106:



Fè enstalasyon elektrik yo san ou pa kase mi yo.



SEKRÈ 107:



Fè enstalasyon tiyo plonbri yo san ou pa kase chenaj yo.





Kenbe tèt ou, monchè!

